

**SI OU TE
MIGRE NAN
CHILI EPI OU
AP ANTRE
NAN MACHE
TRAVAY LA,
NOU ENVI-
TE W REVIZE
ENFOMASYON
SA A!**



Imigran

Tout bagay sa yo telman diferan!
Epi chak moun ap ban mwen
enfomasyon diferan. Sensèman,
jiskaprezan mwen pa konpran'n
sistèm mache travay la, e mwen
pa konn si mwen genyen kèk dwa
paske mwen se travayè imigran.



Byenvini nan Chili Alexander! Isit la nou pral ede'w!

Kisa sekirite sosyal la ye?

Sekirite sosyal la retwouve'l andan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun e li pèmèt ou genyen yon kouvèti ekonomik pou fè fas ak risk oubyen enprevi yo, tankou maladi, chomaj, aksidan, lanmò oubyen nan vyeyès ou.

SISTÈM PREVISYONÈL CHILYÈN AN AK KOUVÈTI LI YO

Lalwa pa fè diferans ant chilyèn yo ak imigran yo nan sa ki gen a wè ak sistèm previsyonèl la, se pou sa, nou tout genyen menm dwa ak menm devwa. Tout etranje ki ap travay nan peyi a tou, ta dwe kontribiye nan sekirite sosyal (oubyen kotizasyon) pou yo kapab aksede ak benefis sistèm previsyonèl la.



Si ou vle konnen plis sou sistèm previsyonèl nou an, ak fason pèyman kontribisyon sekirite sosyal (oubyen kotizasyon) an fèt, nou ap envite ou revize Modil 1, 2 ak 3 nan Gid Edikasyon Previsyonèl la.

1. SISTÈM PANSYON YO

Kòman mwen dwe antre nan sistèm pansyon yo?

Tout nouvo travayè yo antre de fason otomatik nan AFP ki touche mwens komisyon. Se menm bagay la, si ou se imigran e ou genyen premye kontra travay ou.

! Si ou poko genyen kanè RUT, AFP pa'w la pral ba ou yon Nimewo Entèn'n Tamporè.

Èske mwen kapab pa kontribiye nan AFP?

Règ jeneral la di, tout travayè ki komanse yon travay nan Chili dwe afilye yo ak yon AFP ak kontribiye nan sekirite sosyal (oubyen kotizasyon).

Men genyen kèk esepsyon si ou se pwofesyonèl ak teknisyèn ki ranpli egzijans sa yo:

- Genyen yon kontra travay
- Pwouve yon afilyasyon ak yon rejim previsyonèl sosyal ki deyò Chili, avek prestasyon pou maladi, andikap, vyeyès ak lanmò.
- Fè konnen nan kontra travay la èntansyon'w pou kenbe menm afilyasyon sa.

Akò Entènasyonal yo:

Gen peyi nan Ameriklatin nan, ki genyen akò sekirite sosyal avek Chili:

Ajantin / Bolivi / Brezil / Kolombi / Ekwatè / Paragwe / Perou / Irigwe / El Salvadò

2. SANTE

Nan Chili genyen 2 sistèm sante an menm tan, youn ki se piblik (FONASA) e lòt la, ki se prive (ISAPRE). **Tout moun ki genyen yon kontra travay, yo oblije peye kontribisyon sekirite sosyal pou lasante ki se 7% sou revni brit la**, pandan ou ap chwazi youn nan 2 sistèm sa yo.


Ou kapab enskri nan Fonasa nan www.fonasa.cl, oubyen nan nènpot sikisal li yo.

Si ou poko genyen kanè RUT, ou dwe fe pwosesis sa an pèsòn.

Kijan de imigran ki genyen swen sante yo asire?



Fanm ansent yo



Ti gason, ti fi ak adolesan ki genyen mwens ke 18 tan, endepandaman sityasyon migratwa li ak sityasyon paran'l oubyen moun ki responsab li legalman



Plan sante piblik yo tankou, vaksen, sante seksyèl ak repwodiktif epi alimantasyon konplemantè.



Ijans yo, endepandaman sityasyon migratwa li ak laboral li.

3. SEKIRITE AK SANTE LABORAL

Nan Chili egziste yon **Asirans Kont Aksidan Travay ak Maladi Pwofesyonèl**, ki bay kouvèti nan ka aksidan oubyen maladi ki derive nan aktivite ki gen wè avek travay oubyen akòz travay sa, konsa tou, nan ka aksidan nan trajè ant lakay travayè a ak kote travay travayè a ye. Asirans sa kouvri bagay tankou: Atansyon medikal - Famakoloji - Reyabilitasyon - Lisans medikal ak konpansasyon nan ka andikap - Pansyon a moun ki malad oubyen moun akòz aksidan ki andikape oubyen mouri.



Asiran sa pa fè diferans ant imigran ak chilyèn yo, konsa tou sa se yon dwa ou genyen.

4. PWOTEKSYON NAN KA CHOMAJ

Asirans chomaj (seguro de Cesantía) se yon pwoteksyon ekonomik nan ka ke ou pèdi travay ou, e yo administre pa "Administradora de Fondos de Cesantía (AFC)".

Kiyès ki gen dwa a pwoteksyon nan ka chomaj?

Si ou se yon imigran epi ou pèdi travay ou nan Chile aprè ou te genyen yon travay depandan, ou genyen menm dwa ak menm kondisyon yo tankou nènpot travayè.



Pou kapab touche asirans chomaj ou dwe apwoche yon biwo AFC avek finiquito ak kanè RUT ou.

Pran yon desizyon avek **BON JAN EN- FOMASYON!**

Si ou genyen kèk
dout nou envite ou
revize paj sa yo:



Edikasyon Previsyonèl

Pi prè'w